



SANT POU DWA MOUN PÒV YO NAN REJYON SID LA

Ekstremis yo Gaye Fo Enfòmasyon pou Manipile Votè yo ak Eleksyon yo

Pandan sik eleksyon yo, votè yo jwenn yon dividal fo enfòmasyon ki difisil yo fè diferans ak sa ki vrè yo, fo teyori konplo yo ak pwopagann sous ilejitim ap pataje. Konprann kalite ak siy fo enfòmasyon yo se yon bagay esansyèl pou konbat enpak negatif li yo.

Fo enfòmasyon se:

- Kontni ki fo epi ki ka twonpe moun yo kreye pou sa menm ak entansyon pou twonpe ak lakòz domaj.

Fo enfòmasyon kapab menm rive gaye gras ak sous ki gen mwens patipri tankou:

- Aplikasyon mesajri
- Medya sosyal
- 'Fo' Sit nouvell
- Pwen vant difizyon videyo

Ki moun ki dèyè fo enfòmasyon?

- Aktè ekstremis manipilatif, souvan ki asosye avèk gwoup rayisman ak antigouvènmantal yo.

Ekstremis itilize fo enfòmasyon pou:

- Simen dout nan mitan sistèm demokrasi a yon fason ki ekspres epi ki mal.
- Kreye yon mank konfyans nan eleksyon yo.
- Pase lwa ki pral kont elektè yo.
- Atire vyolans nan mitan moun.
- Jwenn avantaj politik ak finansye.
- Kreye dezòd ak konfizyon.

Fo enfòmasyon yo gen ladan yo:

- Fo detay sou pwoblèm ras ak pwoblèm sèks.
- Estereyotip.
- Pwoblèm sosyal ak ekonomik kontwovèsyal.

Sib yo souvan bay fo enfòmasyon yo se:

- Piblik jeneral la
- Kominote nwa yo
- Kominote relijye yo
- Votè k ap viv nan distri ki gen anpil konpetisyon politik yo

Se yon bagay serye!

- Kanpay fo enfòmasyon aktè ekstremis yo te fè pou eleksyon yo mennen nan zak vyolans ki te fèt nan dat 6 janvyè 2021 an, ak nan plizyè Biwo Eta atravè peyi Etazini nan ane 2020.
- Fo enfòmasyon lakòz gen atak sible ki te fèt sou travayè eleksyon yo.



- Yon sondaj SPLC te fè demontre enkyetid ki genyen pa rapò ak nivo kwayans kèk moun genyen nan fo teyori sou konplo ki rasis ak yon volonte pou sipòte vyolans politik.

Fo enfòmasyon kapab: _____

- Vini sou fòm yon blag oswa yon ekspresyon komik. • Fonksyone tankou yon kontni lavant ki twonpe moun.
- Se gran tit ki ap fè sansasyon/twonpe moun. • Plen pwopagann ladan l.

Siy fo enfòmasyon yo se: _____

- Reklamasyon ki ekstrawòdinè. • Yon melanj reyalyte ak opinyon nan yon menm istwa.
- Itilizasyon enfòmasyon ki pa gen yon sous ki fyab. • Itilizasyon foto ak imaj ki pa gen pou wè ak sijè a.
- Ankourajman emosyon ki fò.
- Gen yon nivo journalism ki ba epi plen ak erè.

Fason pou konfime yon enfòmasyon valid:

- Egzaminen sous la ak moun ki ekri enfòmasyon an.
- Sèvi ak lòt sous pou enfòmasyon an.
- Kenbe yon mòd refleksyon ki kritik.
- Fè rechèch sou deklarasyon reyèl yo yon lòt kote nan sit entènèt verifikasyon enfòmasyon yo.
- Konfime si sous la se yon sous tout moun konnen ki konn bay blag.
- Revize kòmantè yo pou jwenn bagay ki demontre gen patipri oswa kritik.
- Verifye imaj yo pou wè si gen defo ki montre se yon imaj yo modifeye oswa manipile.

Aji pou anpeche fo enfòmasyon gaye pandan w ap:

- Chèche konnen poukont ou.
- Siyale fo enfòmasyon pandan w ap pale ak zanmi pwòch ou, fanmi w, ak kòlèg travay ou yo se pi bon mwayen defans pou kwape vye tandans manipilasyon enfòmasyon sa a.
- Siyale ak pote plent pou fo enfòmasyon sou platfòm medya sosyal yo nan [Òganizasyon Sante Mondyal la](https://bit.ly/3CbKf07) (bit.ly/3CbKf07).
- Siyale bay òganizasyon tankou [Common Cause](https://reportdisinfo.org) (reportdisinfo.org).

Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan:

- [The Cybersecurity and Infrastructure Security Agency \(CISA\) Disinformation Infographics](https://bit.ly/3fOjA33) (bit.ly/3fOjA33)
- [The Cybersecurity and Infrastructure Security Agency \(CISA\) Information Manipulation Graphic](https://bit.ly/3SF17qF) (bit.ly/3SF17qF)
- [World Health Organization “How to Report Misinformation Online” page](https://bit.ly/3CbKf07) (bit.ly/3CbKf07)



Poutèt objektif fo enfòmasyon se ankouraje moun reyaji ak anpil emosyon ak aksyon. KANPE — ou dwe toujou pridan epi w dwe toujou ap chèche!

SPLC Sant Pou Dwa Moun Pòv Yo Nan Rejyon Sid La